Приложение 6 к ООП СОО

# Фонд оценочных средств
# по предмету «Родной (чеченский) язык »

*(10-11 классы)*

Приложение 6 к ООП СОО

# Фонд оценочных
# по предмету «Родная (чеченская) литература»

*(10-11 классы)*

## ПОЯСНИТЕЛЬНАЯ ЗАПИСКА

Данный фонд оценочных средств составлен на основе содержания ООП СОО в соответствии с ФОП СОО и учётом норм Положения о формах, периодичности, порядке текущего контроля успеваемости, промежуточной аттестации учащихся, осваивающих основные образовательные программы и Положения о фонде оценочных средств.

**Целями разработки и использования базы ФОС являются:**

- оценка качества образования по учебному предмету;
- обеспечение сопоставимости образовательных достижений учащихся в зависимости от условий образовательного процесса;
- подготовка учащихся к процедурам ВПР, ОГЭ, ЕГЭ и ГВЭ;

- подготовка учащихся к новой оценке качества по модели PISA;

- выявление пробелов в знаниях учащихся и своевременная корректировка их индивидуального обучения;
- определение эффективности организации образовательного процесса в школе.

ФОС по предмету, курсу, дисциплине является неотъемлемой частью нормативно-методического обеспечения системы оценки качества освоения учащимися основной образовательной программы ООО **(СОО)**, и обеспечивает повышение качества образовательного процесса школы.

ФОС по предмету, курсу, дисциплине представляет собой совокупность контрольных материалов, предназначенных для измерения уровня достижения учащимися установленных результатов обучения.

ФОС по предмету, курсу, дисциплине используется при проведении текущего контроля успеваемости и промежуточной аттестации учащихся.

*ФОС в рабочих программах содержат:*

*-задания с учетом ошибок школьников в стартовых диагностических работах (10 классы);*

*-задания с учетом новых КИМ для ЕГЭ (11 классы);*

*-трудные задания на ЕГЭ (10-е классы по мере освоения результатов, которые проверяет ЕГЭ);*

*-трудные задания ВПР (10-11 классы);*

*-задания с учетом новых предметных концепций по обществознанию, технологии, изо, физической культуре, музыке, географии (10-11-е классы);*

*-задания с учетом новой оценки качества по модели PISA (10-11-е классы)*

ФОС- сформирован из материалов сборников, допущенных Министерством образования и науки Российской Федерации, а также материалов, разработанных учителем на основе этих сборников.

Данные варианты фонда оценочных средств являются типовыми для учителей-предметников, ежегодно на основании приказа директора школы в ООП СОО вносятся изменения в форме дополнений в том числе при необходимости по решению педагогического совета школы и в Фонд оценочных средств

**Дешархойн барта хаарийн мах хадоран критериш.**

**1. Дуьззина а, нийса а жоп далар.**

**2. Хаарийн кхетаман барам хилар.**

**3. Нохчийн литературин меттан норманаш ларйеш жоп далар.**

**«5» дуьллу:**

1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; материалах пайдаэца хаахь, шен масалш далош; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йийца хаахь.

**«4» дуьллу:**

1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; шен масалш далош, материалах пайда оьцучу хенахь, цхьа-ши г1алат далийтахь, йуха ша уьш нис а деш; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йуьйцучу хенахь ши-кхо кхачамбацарш хилахь.

**«3» дуьллу:**

1амийна материал, г1алаташ деш, йуьззина схьа ца йийцахь; материалах пайда оьцучу хенахь, шен масалш ца даладахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йуьйцуш ца хилахь.

**«2» дуьллу:**

1амийначу материалан коьрта чулацам ца хаахь; материалах пайдаэца ца хаахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йуьйцучу хенахь г1алаташ дийлийтахь.

Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза, барта луш долу жоп муьлхха а бакъо талхош хилахь. Дешархочун балхана «5», «4», «3» дуьллу, нагахь санна урокан йохаллехь барта жоьпаш луш, жигара дакъа а лаьцнехь, цуьнан балхана таллам бича, бакъонех пайдаэца хиънехь.

**Диктантийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некьех**

1. Диктантехь орфографически а, пунктуационни а гIалаташ къаьст-къаьстина лору, оценка йукъара йуьллу.
2. Диктантана **«5»** дуьллу, нагахь цхьа а орфографически гIалат дацахь йа цхьаннал сов пунктуационни гIалат ца хилахь.
3. **«4»** дуьллу, кхааннал сов орфографически а, шиннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (йа шиъ орфографичсски, кхоъ пунктуационни гIалат хилахь).
3. **«3»** дуьллу, йалханнал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (йа 5 орфографически, 5 пунктуационни гIалаташ хилахь).
4. **«2»** дуьллу, иттаннал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а (йа бархIаннал сов орфографически а, ворхIаннал сов пунктуационни а) гIалаташ ца хилахь.
5. **«1»** дуьллу, нагахь 2 дуьллучул гIалаташ сов хилахь.

**Дсшархочун балха тIехь гIалат лара деза, орфографически а, пунктуационни а, муьлхха а бакъо талхош, диктант йазйале оццу классехь йа цул лахарчу классашкахь Iамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь (нийса цаяздинарг нийсачуьнца хийцина) оценка цхьана баллана лаг1йо, ишттa оценка «5» ца дуьллу, диктантехь 3 йа цул сов нисдарш хилча.**

**Оценка йуьллуш, ца лоруш дуьту:**
**1** программехь йоцу йа Iамийна йоцу орфографически а, пунктуационини а бакъонаш талхош долу гIалаташ (масала, V классехь хандешан карарчу а, йаханчу а хенийн чаккхенаш нийсайазйар, спряженешкахь хандешнийн нийсайаздар, подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире йиллар-цайиллар ца Iамадо. Уьш VI а, VII а, VIII а классийн программехь йу);
**2** тилкхаздаьлла гIалат (описка) лору, масала, *белхало* хила дезачохь *белхано* йаздинехь, *Iуьйре* хила дезачохь *Iуьйле йаздинехь;*
**3** нохчийн маттахь зевне мукъаза й (йот) йаздар, масала: йоза хила дезачохь йеза йаздахь, йогIу (йегIу), йуьртахь (йуьртахь), йуьгу (йуьгу) йаздахь;
***4*** орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш йаздар, масала: *исс - иссалгIа- уьссалгIа, итт - итталгIа – уьтталгIа;*
**5** къовсамечу мсттигашкахь чолхечу дешнийн нийсаяздар, масала: *пайдаэцар - пайда эцар, нийсайаздар нийса- йаздар, гIодар - гIо дар,* и. дI. кх.;
***6*** дешнашкахь дифтонгаш йазйар: *къега- къиэга, терса- тиэрса, оза-уоза, йеха - йиэха,* и. дI. кх. а. 7. *Цlердешнийн къовсаме йаздар: стогалла- стагалла, мох – мохан-механ - махан, морха, и. дI. кх. А;*
**7** дешархоша далийтинчу гIалаташна йукъара даккхий а, кегий а гIалаташ къасто деза.

**Даккхий гIалаташ лору:**
1 хьалхенца Iамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографичсски, пунктуационни бакъонаш талхош долу гIалаташ.
*2.* Мукъазчу элпашна йуккъе йаздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: *хIаллакьхилла, меттахъхъайра.*
3. Дсшхьалхенца йолчу йа чолхечу инфинитиван суффиксийн йазйар.
*4.* Хандсшнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн йаздар *(оху -охуна йа охана, тоьгу - тоьгуна йа тоьгана).*
*5.* Хандешан ихначу хенан йазйар, масала: *бохура йа бахара, моьттура йа моттара.*
6. Кху кенара цIердешнийн йаздар: дечиган йа дечган, эчиган йа аьчган.
*7.* Цlердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина тIеэцна йолу йацйинчу а, йуьззинчу а форманийн йазйар, масала: *гIуллакх йа гIулкх, гIиллакх йа гIилкх.*

**Дсшархочун балха тIехь цхьамогIа (кхоъ йа цул сов) цхьана бакъонна нислуш гIалаташ хилахь, диктантана оценка лакхайаккха мега, масала, дешан чаккхенга н йаздарехь, доца шеконан элпаш (а, и, у) йаздарехь.**
**Комплексни талламан белхашкахь, диктантах а, т1едилларех а (фонетически, лексически, орфографически, грамматически, пунктуационни) лаьттачу, ши оценка йуьллу-х1ора балхана шен-шен.**

## Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:

**«5»** дуьллу, массо а т1едиллар нийса кхочушдинехь;
**«4»** дуьллу, т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;

**«3»** дуьллу, болх ах йа цул сов нийса бинехь;
**«2»** дуьллу, болх эханал к1езиг бинехь;
**«1»** дуьллу, цхьа а т1едиллар кхочуш ца динехь.

**Билгалдаккхар:**
Орфографически а, пунктуационни а г1алаташ, т1едиллар кхочушдарехь дина долу, диктантан мах хадош лору.

Диктантин мах хадор

**Диктант** – иза офографех а, пунктуацех а долу хаарш талларан кеп йу.

Талламан дешнийн диктанто зоь кхета хала йолу офограммаш. Иза хила йиш йу х1окху дешнийн барамехь:

5 класс-15-20 дош
6 класс-20-25 дош
7 класс- 25-30 дош
8 класс- 30-35 дош
9 класс- 35-40 дош.

Дешаран шеран 3-чу чийрикехь V-XI классийн дешархошна лучу диктантан герггарчу хьесапера барам кху кепара хила магийна:

V классана - 80-90 дош
VI классана - 90-105 дош
VII классана - 105 -120 дош
VIII классана- 120—135 дош
IX классана- 135-150 дош
X классана- 150- 160 дош
XI классана- 160 -170 дош

**(Дешнаш дагардеш лору г1уллакхан дешнаш а)**
Текст хоржуш, кху некъех пайдаэца беза:
1. Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а, хIинцалерчу литературни метган лехамашца йуьззина нийса йогIуш а хила йеза.
2. Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза. КIезиг лелош а, девзаш доцу а дешнаш довза а довзуьйту, уьн тIе дIа а йаздо.
3. Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь, цу дешнийн нийсаяздар дешархоша Iамийна а дацахь, и дешнаш уьн тIе дIайаздо.
4. Текст йоьшучу хьехархочо дIаешар литературни нийса а, муха йаздан деза, дешархошна дIа ца хоуьйтучу кепара а хила деза. Масала, *кIайн, Iежийн, халкъан* бохучу дешнашкахь, литературни аларан норманашца цхьаьна а догIуш, чаккхенгара н ца олу, ткъа *саьрмик, ч1ег1ардиг* дешнашкахь г-ний, к-ний хьалхахь долу и а долуш санна олу.
5. I чийрик чекхдаллалц (5 классехь хьалхара эхашо) текстан барам кхул хьалхарчу классехь хилларг магабо.

**Талламан дешнийн диктантан мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:**
«5» дуьллу, цхьа а г1алат дацахь;
«4» дуьллу, 1-2 г1алат хилахь;
«3» дуьллу, 3-4 г1алат хилахь;
«2» дуьллу, 7 кхаччалц г1алат хилахь;
«1» дуьллу, 7 сов г1алат хилахь.
Дешархоша кхошушбинчу ненан меттан йозанан белхашна х1итточу оценкийн ч1аг1йина норманаш лелоро г1о дан декхар ду ненан мотт хьехаран говзалла лакхайаккхарна а, 1аморан а, талларан а кепара болчу йозанан белхийн лехамаш цхьанакепара хилийтарна а. Дешархойн хаарийн мах хадорехь коьра йолчу цхьанакепара йолчу оценкийн норманаша хьехархо мукъа ца вуьту х1ора йозанан белхан мах, массо аг1о а лоруш, шен-шен

башхаллашца хадоран хьехархо декхарийлахь ву, г1алаташ а, церан масалла а тидаме эцна ца 1аш, кхочушбинчу белхан дикалла а, г1алатийн башхаллаш а тидаме эца.
Х1ора дешаран шо долалуш хьалхарчу четвертехь талламан белхан (диктантан) текстехь дешнийн дукхалла д1адахана дешаран шо чекхдолуш хиллачу талламан белхан дешнийн дукхаллехь маго йеза.Ненан маттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

**Изложени мах хадор**

Сочинени а, изложени а йазйар дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш (форманаш) йу.
5-9 классашкахь сочинени, изложени йазйар д1ахьо «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан т1едахкаршца дог1уш.

**Сочинени а, изложени а йазйарехь толлу:**

1) билгалйина тема схьаелла хаар;
2) темица а, хьесапца а дог1уш меттан г1ирсех пайдаэца хаар;
3) меттан барам а, нийсаяздаран бакъонаш а ларйар.

Сочиненн а, изложенин а мах хадабо шина оценкица: хьалхарниг чулацамна а, меттан говзаллина а; шолг1аниг-нийсайаздарна а, сацаран хьаьркаш йахкарна а, дешнаш маь1ница нийса далорна а.

**Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадабо кху бакъонашна т1едоьг1на:**

1) болх темица бог1уш бу йа бац;
2) тема кхачо йоллуш схьайиллина йу йа йац;
3) чулацаман хиламийн рог1алла нийса йу йа йац;
4) меттан исбаьхьаллин басарех пайдаэцна йа ца эцна;
5) къамелан кхачамбацарш ду йа дац.

Нийсайаздаран мах хадабо дешархочо динчу нийсайаздаран, сацаран хьаьркаш йахкаран, грамматически г1алаташка хьаьжжина.Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетамца-кхиоран, 1аморан маь1на долуш а хила йеза.

**Изложенина текст харжа йеза кху барамашкахь:**

Vклассана – 100-120 дош
VI классана – 150-200 дош
VII классана – 220-250 дош
VIII классана – 300-350 дош
IX классана – 350-390 дош
X классана – 390-400 дош
XI классана – 400-410 дош

**Талламан изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу.**
**Изложенина х1итточу оценкийн кху норманашкара куьйгалла эцар ца хилча ца торуш ду:**

**1. «5» дуьллу:**

а) нагахь изложенин текст хьалха-т1аьхьа нийса а, й йуьззина а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, г1алаташ доцуш а, галдаькххина х1ума доцуш а йийцинехь;
аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, цхьаннал сов орфографин йа пунктуацин г1алат а дацахь.

**2. «4» дуьллу:**

а) нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу г1уллакхийн йерриге коьрта меттигаш г1алаташ доцуш а, хьалха-т1аьхьа хила оьшучу кепара а йийцинехь;
аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, орфографин кхаа а, пунктуацин шина а г1алатал сов уьш ца хилахь.

3. **«3» дуьллу**:

а) чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а йелахь, хьалха-т1аьхьа г1уллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а йалийтинехь;
аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь деаннал сов г1алат дацахь, йалханнал сов орфографин а, деаннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь.

**4. «2» дуьллу:**

а) чулацам кхачаме боцуш а бийцинехь, бакъонца йолу материал хьалха-т1аьхьа нийса йийцарехь йаккхий ледарлонаш а, нийса йоцу меттигаш а йелахь;
аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь йалханга кхочуш г1алат динехь;
б) дейттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат далийтинехь, царна йукъахь иссаннал сов доцуш орфографин г1алат а долуш.
Изложенина ши оценка йуьллу: хьалхарниг грамматикана, шолг1аниг литературина.

**Сочинени мах хадор**

5-9 классашкахь йазйечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:
5 классехь-0,5 йа 1,0 аг1о;
6 классехь-1,0 йа 1,5 аг1о;
7 классехь-1,5 йа 2 аг1о;
8 классехь-2 йа 3 аг1о;
9 классехь-3 йа 4 аг1о.

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаадеза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:
1) дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;
2) сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;
аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин йа пунктуацин г1алат хилахь.

2. **«4»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;
аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь пхеаннал-йалханнал сов г1алат дацахь;
аь) пхеаннал сов орфографин а, йалханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

4. **«2»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;
аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна юкъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

**Сочиненина ши оценка йуьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.**

Ненан меттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

**Нохчийн меттан**

**мах хадоран г1ирсийн ФОНД**
**(10 класс)**

| № | Дакъа | Мах хадоран г1ирсан ц1е |
|---|---|---|
| 1. | Карладаккхар. | Талламан болх «Хийист» |
| 2. | Синтаксис, цхьалхе предложени | Изложени «Абубешар» |
| 3. | Чолхе предложени | Талламан болх «Гуьйренан йуьхь» |
| 4. | Хуттургаш йоцу чолхе предложени | Изложени «Ирча буьйса» |
| 5. | Ма-дарра а, лач а къамел | Талламан болх «Борз» |
| 6. | Пунктуаци | Талламан болх «1алам» |
| | | |

1. **Талламан болх «Хийист».**

…Дитташ к1ел хийист х1уттура.

Малх лаьмнашна т1е охьалахбела, суьйранна д1абузале шен йерриге йовхо а, серло а дуьненчу схьакхийдош бара. Суьйре т1ейог1уш йуьртахь хьаеллера дахаран г1овг1а: ц1а оьху бежнаш, уьстаг1ий, урамашкахь зевнечу маьхьарш-ца ловзу бераш, г1уллакхаш деш хьийза бахархой.

Ц1естачу к1удалан къамкъарга чохь йоьзан чами а бекош, хит1а йаха араелира Медни. Кхуьнан к1айн, горгачу беснеш т1ехь товш хеташ дара коьртара мархийн басахь долу гуьлмаьнда, коган хьоркане кхочуш г1абалин хормехь тегна, стигал басахь йеха коч, и сацош йуткъачу г1одаюкъах дихкина, кучах шех долу доьхка, бай кога туьйдина ши к1арх. Х1ара хи эца тог1и чу охьайолаелча, 1индаг1ашкара схьаваьлла, кхунна т1аьхьакхиира Мовсар.

Меднина шена хаа а хууш дег1 дегаделира, йуьхь ц1ийелира Мовсарх б1аьрг кхетча. Кхунна иза аьхке йоьлчхьана а вайна а вацара…

К1ентан амат дерриг а оьздачу битаме далийнера кхунна т1ехь йолчу ло санна к1айчу кисин кучо. Куча т1ехула дихкина дара шуьйра доьхка, цу т1ехь кхозу йоца шаьлта, коьрта тиллина жима б1ег1аган куй, когахь 1аьржа маьхьсеш.

(156 ш. С-С.Саидов. «Эзарнийн зерашкахь»)

**2.** **Изложени «Абубешар»**

1уьйре шийло йара. Генах хаьдда гIa, наггахь дитта к1ел охьадужуш хаалора. Дуьненчохь йорт йиттина к1адъелча санна, мархаш ламанца набарна тевжинера. Стигалан гар, хи ца кхоош йилича санна, ц1ена а, сийна а дара. Со лаьттачу хи йистерчу чха т1ера д1ахьаьжча, аьрру агIор б1аьрго схьа ма-лоццу йолчу арахь, дикачу дайша лерина куьг тоьхна йалташ чу а дерзийна, йерзинаяьхна аренаш йара гуш. Цхьацца меттехь йетт а, эса а, уьстаг1ий а, цхьа наггахь йежаш говр а гора. Кхузара д1ахьаьжча гуш эвлан йисттехь Абубешаран тиша ц1енош дара. Уьш къаьсттина тиша а, ледара а хьоьтуьйтура царна гобаьkkхина гуш долчу йуьртабахамхойн дикачу ц1еноша.

Абубешаран ц1енойн тхов ах эрз буьллуш, важа ах г1одамаш доkkуш бина бара. Цуьнан ц1енош йуххехула т1ех вер-вериг велакъежара Абубешаран стохка дуьйна а доьхна, раз а даьлла лаьттачу кевнах б1аьрг кхетча.

И ков айъина жимма д1а а хилийна, г1уркх санна лекха а волуш, ханна шовзткъа шо сов зама хир йолуш, г1еметта х1оьттина стаг велира кех ара. Цуьнан кога буьйхнна тишо, амма чохь сурт гур долуш къагийна ши к1арх а бара, т1ейуьйхина 1аьржачу басахь, голаш шар а белла т1ерг1ан к1адийнан, галифеш йолу хеча йара, ткъа цу хечийн когашна т1ехула а йохуш, хьалаоьззина йуьйхина можа ши пасат а йара. Царал совнаха гоьле ца кхоччуш йеха а йолуш, гонах чимчарг1а а лоцуш кечдеш дехкина хьалхахь даkkхий киснаш а долуш, белшехь жимма зарзйалар а хаалуш, к1айчу гатанан коч йара. Ткъа цунна т1ехула къевллина дихкина, дукха шира хиларна локхар к1айяла а йоьлла долу меттанаш долу доьхка дара. Та11ош коьрта тиллина ах аьрша хиллал лекха а болуш, кагъеш т1ехьа д1айахийтина г1абакхан т1ам санна, маь1иг а йолуш, цхьа ге хиллал беха чо болу куйн бара. Ткъа цу куйнан к1инжаш юkkъехула схьагуш куьйранан з1ок санна хьаьвзина цуьнан мара бен, б1аьргаш башха гуш а дацара. Цуьнан коканаш т1ета1ийна йолчу йуьхь т1ехь гуш: Абубешара мало ца йеш хьийзийна ши мехк, газанан ц1ога санна, ц1ац1 аьлла ирах а дог1аделла дара. Гуш дацахь а, дуйнах ала мегар дара, х1инцца хьаьжча цуьнан кисанахь, дечиган мукъ а болуш, урс а хир ма дара.

Ша ара ма веллинехь, цхьа ког хьалха д1а а тесна, п1елг санна стомма шен багахь йоллучу махоркин цигаьрканах луьра к1ур а оьхуьйтуш, хаьнт1е куьг а х1оттийна, лерина д1ах1оьттира Абубешар.

Абубешар ша ч1ог1а къонаха хеташ стаг вара. Ша пхьоьханахь, йа синкъерамехь, йа иштточу кхечу меттигашкахь нисвелча «со», «ас», аьлла х1ума а дуьйдура цо. Шен дашана дуьхьал дош далийча лата а безам болуш вара иза. Цунна моьттура, ша стагаца дов даkkха ца кхийрича а, зудче шена луъург бен да дойтуш ша хилча а, дийнна стака къаьркъа т1е х1ума ца кхоллуш ша мелча а, наггахь бен ша вела ца къежаш хилча а, зуда шеца цхьаьна стоьла гонах ша охьа ца хиъча а, нахана йуkkъехь ша коьртара куйн д1абаьkkхича а ша воkkха къонаха ву. Ша зудчунна хьалхара дечиг даьkkхича, ведар хи деача, йа базарара цуьнца тускар лаьцна веача цунна моьттура шегара йоkkха ледарло йолу. (363 дош)(1. Хамидов «Абубешар»)

**Хьесап:**

1. Абубешаран ц1енойн тхов.
2. Абубешаран сибат:
3. Абубешара латтар.
4. Абубешаран амал:

а) когара к1архаш; а) нахаца къовсавалар;
б) т1ера бедар; б) зудчух летар.

**3. Талламан болх «Гуьйренан йуьхь».**

Хаза лаьттина и йовха аьхке чеккхйолуш йара. Аьхке чеккхйаларх-м 1алам а, адам а, массо а садолу х1ума саготта дацара. Т1екхочуш берг токхе мур бара – гуьйре! Уггар хьалха гуьйре т1екхочийла , цунна кечам бан безийла хаийтира мангалхоша.

Аьхкенан йуккъерчу а, т1аьххьарчу а деношкахь, 1уьйранна сай-бодий къаьстачу хенахь, мерзачу набарх а ваьлла, ахь ладоьг1ча, хезаш хуьлура шатайпа тата. Иза мангалхоша тусуш долчу мангалийн татанаш дара. 1уьйранна баца т1ера тхи дожале д1ах1уьттий мангалхой де дохдале мангал хьокхий а бовлий, де дохделча, кхорийн 1индаг1ехь садо1уш хуьлура. Цул дика садо1ила хир йацара.

Суьйренгахьа лестина де шелделча, цара д1адолор ду шайн ирачу мангалшца кесарш охьадахка. Дикка бода боллалц мангал а хьаькхна, уьш ц1ехьа боьрзур бу, кхана йуха а х1окху метте йухабахка.

Билггал гуьйре т1екхочуш хилар гойтуш аьхкенан т1аьххьарчу деношкахь стиглара схьа хаам бира. Уьш г1арг1улеш йара шайн некъан узам а беш, низам ца дохош, къилбехьа довхачу мехкашка 1а даккха йоьлхуш.1одика йеш санна, йуьрта т1ехула ши-кхо го а баькkхинаг1арг1улеш къайлайевлира. Шеко йацара, уьш шайн маьхьаршца б1аьста йухайог1ург хиларх.

**4.. Изложени «Ирча буьйса»**

Иза дара гурахь. Базар д1айуьйхира.Шен хьешан 1одика а йина, итт-цхьайтта шо хир долу шен к1ант йуххе а хаийна, ц1а ван новкъавелира Расул.

Суьйре т1етаь1нера.Чубузучу маьлхан з1аьнарша кхелина мархийн йисташ , ц1ийдинчу аьчган басахь лепара. Цхьа байн хьекха болабелла мох т1аьхь-т1аьхьа ч1аг1луш лаьттара.

Дерриг 1алам меттахделира. Татанца лелхаш, борз санна уг1уш, шакарца ц1ийзаш, буьрса «дур» дара геннара дог1уш. Чехка йог1ура буьрса 1аьржа мархаш.

Ц1еххьана, стиглара ластийна охьахаьхкича санна, оьг1азе тулг1ешца дог1а туьйхира..Цхьогалан ц1окарчийн кетаран т1ам т1ехула а боккхуш, дег1аца д1ахьулвира Расула шен к1ант.

Садоккхийла йайна, холчохь висира и шиъ. Некъ гуш бацара.Расул некъах тилира.Цу некъан хьесап дан ницкъ боцуш корта хьаьвзинера цуьнан.

---- Хьайна луъучухула д1адуьгур ду-кх ахь тхо, -- аьлча санна,урх хецна, шен лаамехь йитира цо говр.

Дог1а, бедарех чекх а даьлла, дег1а т1е кхаьчнера.Шелвелла, вегош вара к1ант.

Иштта д1аоьхуш, цхьана бун т1е кхечира уьш. Дог1а дукха чекхдалаза йара бун.Цуьнан чоь йекъа йацахь а, г1еххьа сапарг1атделира Расулан.Шеллуш волу к1ант дагахь волура цунна.Амма киснахь йолу сирникийн ботт йашийнера.Ц1еран йовхонах догдилла дийзира.

Некъо а, дарцо а г1елварна, набаран тар туьйсура цу шинне. Дог1ано йашийна т1уьна йелахь а, кетар т1е а тесна, д1атевжира и шиъ. Дарцо бечу сингаттамечу узамо тиэвеш, аганахь таххкийча санна, к1антана наб кхийтира. Наб озийра Расулана а.
План:

1. Иза дара гурахь.
2. Суьйре т1етаь1нера.
3. 1алам меттахделира.
4. Некъ гуш бацара.
5. Дог1ано дег1 дашийнера.
6. Цхьана бун т1е кхачар.
7. И шиъ д1атевжира.

**5. Талламан диктант «Борз».**

Ц1еххьана ша лелочух шекваьлла стаг санна, самайахна ойланаш а, б1аьргаш а, саца а сецна, т1ехьа хьаьжира иза. Г1ан-набарх дуьхьал дог1уш долу сурт санна, гена а воцуш лаьтташ цхьа стаг хетавелира цунна. Баймарзас воьхна б1аьргаш д1ахьаббира, амма цу сохьтехь д1абиллира. Т1епаза вайра и стаг. Йуха а шех ца тешаш леррина, охьатаь1на хьаьжира иза. Амма цхьа а вацара гуш. «Хьо кхеравелча, т1ехьа ма хьажалахь», -дагатесира Баймарзина жима волуш нанас шена дина хьехар. Г1отана уллохь болчу г1одамийн такхорах букъ тоьхна, д1ах1оьттира Баймарза …

Г1ота уллохь йара х1инца. Ткъа ницкъ хилча, цу чу иккхина, уьстаг1 д1абахьа. Ма кхин х1ума ца оьшура Баймарзина. Цхьабакъду, Симбайн ж1аьлеша х1ара шайх волуьйтур ву бохург бакъ-м дацара. Сталина аьллера бохуш, ша Симбай ма ву, кхин къа ца хеташ, топ тухур волуш. Х1инца х1ун дийр ду ца хууш лаьттра Баймарза… (130 дош. М.Мутаев «Борз»)

**6.Шеран талламан диктант «1алам»**

Гонаха самадолуш дара т1ейог1учу б1аьстено дендина 1алам. Ч1енигаш а эт1ош, гучудевлла кегийра г1аш дара цхьацца долчу дитташ т1ехь гуш. Лакхахь хьоькхучу б1аьстенан мелачу механ тулг1е хьекхалора наггахь к1ентан дег1ах. Нанас дайн хьоькхучу куьйго санна, коьрта т1ехула хьакхалуш т1ехболура иза, кхуьнан коьртара месаш д1аса а яржош.

«Мохь тоха те аса? Орца даккха те?»-дагадеара к1антана. Т1аккха а, цхьанна д1ахазахь осала хетар ву-кх со, бохург дага а деана, юха а басах хьалатасавелира иза. Амма куьг а, ког а д1атаса х1ума цахиларна, юха а 1инах чушершаш воллучу кхуо катоьхна схьалецира ша х1инццалц 1ожаллин буйна ца вохуьйтуш сацийна йолу колл.

Кхунна гена доццуш охьахиира цхьа хаза бос болу хьоза. Д1а а, схьа а хьаьвзина, корта аг1ор баьккхина адаме а хьаьжна, «ч1ир-ч1ир»-элира цо, цкъа-шозза, кхосса а луш.

«Дависа, цхьана минотана, хьан санна, ши т1ам белира сан», -дагадеара дег1ера ницкъ кхачош воллучу к1антана… (139дош. Саракаев Хь. «Ирсе б1аьрхиш.»)

**Грамматически т1едиллар. Синтаксически таллам бе.**

| | | |
|---|---|---|
| 1-ра вариант | 2-г1а вариант | 3-г1а вариант |
| 1-ра абзац | 2-г1а абзац | 3-4 абзацаш. |

**Нохчийн литературин**
**мах хадоран г1ирсийн фонд**
**(10 класс)**

| Рог1алла | | Мах хадоран г1ирсан ц1е. |
|---|---|---|
| 1. | **Исбаьхьаллин литература.**<br>Мамакаев М. «Зеламха» роман | Сочинени «…Сох обарг вина». |
| 2. | Эдилов Х. «Сийлаха» поэма | Сочинени «Адамна т1ехь долу декхарш». |
| 3. | **Исбаьхьаллин литература.**<br>Бексултанов М. «Дахаран хин генара бердаш» повесть. | Сочинени «Нохчийн доьзалан дахарехь ден хила йеза меттиг». |
| 4. | 1амийнарг карладаккхар.<br>Шеран талламан болх. | ТЕСТ. |

**Класс_____**

**Дешархочун Йуьззина ц1е________________________________________**

**Тест-2**

**1.Дудаев 1абди Дудаевич вина:**

А) 1900 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

**Б)** 1901 шарахь, Веданан к1оштан Элистанжахь;

В) 1895 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

**2.Сальмурзаев Мохьмад Сальмурзаевич вина:**

**А)** 1900 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

Б) 1901 шарахь, Веданан к1оштан Элистанжахь;

В) 1895 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

**3.К1еззиг турпалхой а болуш, стеган дахарх лаьцна жимачу эпически произведенех олу:**

**А)** дийцар;

Б) пьеса;

В) роман;

**4. «Кхетаме Хьамид», «Мало-хало» дийцарийн автор ву:**

А)  Мохьмад Мамакаев;

Б) Мохьмад Сальмурзаев;

**В)** Шамсуддин Айсханов;

**5.Нажаев Ахьмадан поэмин ц1е:**

**А)** «Жа1у»;

Б) «Бешто»;

В) «К1айн котам».

**6.1907-чу шарахь Теркйистерчу Лаха-Неврехь вина:**

**А)** Шамсуддин Айсханов;

Б) Мохьмад Сальмурзаев;

В) Саь1ид Бадуев;

**7.Бадуев Саь1ид-Салихь вина:**

А) 1900 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

**Б)** 1903 шарахь, Соьлжа-г1алахь;

В) 1895 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

**8. «Бешто» повестан автор:**

А) Мохьмад Мамакаев;

Б) Халид Ошаев;

В) Саь1ид Бадуев;

**9. «Бешто» повестан турпалхой бу:**

---

**10. С.Бадуевн «Ц1еран арц»:**

А) дийцар;

**Б)** повесть;

В) роман;

**11. «Ц1еран арц» т1ера коьрта турпалхой:**

---

**12. «Даге» стихотворенин автор ву:**

**А)**1аьрби Мамакаев;

Б) Халид Ошаев;

В) Саь1ид Бадуев;

**13.Мамакаев 1. «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин коьрта турпалхой» бу:**

---

**14. «Лийрбоцурш», «Бож-1ела», «Мохсолтин доьхна де» пьесийн автор ву:**

А)1аьрби Мамакаев;

**Б)** Хамидов 1абдул Хьамид;

В) Саь1ид Бадуев;

**15.60-80-чу шерийн йаздархой бу**:

**Нохчийн меттан**

**мах хадоран г1ирсийн ФОНД**
**(11класс)**

| **Рог1.** | **Предметан таллам бен дакъош** | **Мах хадоран г1ирсан ц1е** |
|---|---|---|
| **1** | Синтаксис,пунктуаци,цхьалхе предложени | «Микин дахар» талламан болх. |
| | | «Бабин беркате т1орказ» Изложени |
| **2** | Чолхе предложени | «Борз» талламан болх |
| **3** | Ма-дарра а,лач а кеъамел | «Дохкойала, нана» Изложени |
| **4** | Пунктуаци | «Бохам»талламан болх.<br>Тест «Чолхе предложенеш». |

## Талламан диктант №1

## Микин дахар

Генарчу Алтайн пана лаьттачу лаьмнийн сийначу хьаннаша хьулйина 1уьллу Лесное-Юрт. Оцу йуьртахь цкъа дукхе-дукха хьалха хьаннийн лохачу ц1а чохь шен дененаца вехаш 1аш вара Мика. Микин да т1ам т1ехь вийнера. Цуьнан, нохчий ц1ера бохуш, вагон т1ехь нана а кхелхинера. Хала дара оцу махкахь адамийн дахар, къаьсттина шайн махках баьхначу нохчийн а долуш. Ло диллича, т1ебог1уш некъ цахиларна, йоцачу аьхка бора цигарчу наха 1аьнна кечам. Шен итт шо бен дацахь а, Йоккхачу Бабица эса 1аьнера даккхал докъар гулдора Микас. Йуьйш, асарш деш, баьрзнаш деш, картолаш лелайора, гурахь схьайохий, ц1ийна бухахь долчу орчуйерзайора.
Журавлиха олуш,чохь ч1ерий долуш,хаза хьаьъна хи дара йуьртан йуккъехула лам чуьра охьадог1уш. Х1орш хьалха 1ийначу генарчу Нохчийчоьнан ламанан хих,Б1аьстах,тера дара Журавлиха,цкъа тийна,йуха зевне,хьаьъна дог1уш. Цкъа цхьаьна хенахь г1арг1улеш гулллуш хилла боху кхуьнан бердашца. Цундела тиллина хина и хаза ц1е. Оцу хица шен хенарчу берашца хьалаоьхуш,схьадевлча ц1азамаш а,гурахь хилча мангалкомарш а,кхезарш а кхоьхьура Микас тускар чохь. Дукха гена девлча,хьуьнан к1оргехь тилалуш меттиг а йог1ура берийн. Т1аккха масийтта аг1ор шайт1анан маьхьаро д1асакхоьхьуш, тилвеллачун мохь хезара.

**ХЬ.Ш.Яндарбиев (177 дош)**

**Т1едиллар:**

1.Шолг1а предложени синтаксически талла.

2.Шолг1ачу обзацехь хьаьркаш х1иттайе.

3. Цхьалхечу предложенешна тулг1енан сиз хьакха.

**Талламан болх №2**

**Борз**

Лаьтта т1ехь акхарой, дийнаташ, сагалматаш бен ца хиллачу ширачу заманахь цхьа ч1ог1а мох баьлла хилла. Дитташ ахьадеттаделла, х1ордаш, хиш лаьтта т1ехула даьржина, лаьмнаш ахьахирцина, къематде х1оьттина хилла.

Йерриге садолу х1ума д1асайедда. Йеккъа цхьа борз йисна цу махана дуьхьал йирзина, шекйоцуш. Мера т1ера ц1оган т1е кхаччалц шен схьайаьлла ц1ока махо ловзош, хиъна 1аш хилла гила борз. Кхано, цхьа хан йаьлча, мох д1атийна,сирла малх а хьаьжна, д1ах1оьттина Латта. Йерриге садолчу х1умано, т1е а гулйелла,хеттарш дина:

- Дитташ охьадетташ, лаьтта т1ехула хиш даьржина, лаьмнаш охьахерцаш, массо а садолу х1ума шайн са дадийна йеддий-хьаьддий лелачу хенахь хьо меттах а ма ца йелира, ва борз?

Дег1а т1ера охьаледаш ц1ийн т1адамаш долуш, генна д1ахьажийна ши б1аьрг болуш, курра 1ачу барзо жоп делла:

- Сан когаш бухахь дерг сан дайн латта ду, мел къематде т1едарах, Даймоохк битина, йаха меттиг болуш йац со х1окху Лаьтта т1ехь.

Ойлане кортош а охкийна, йуьхь1ааьржа а х1иттина, бенашка д1асайахана акхарой. Борз йисна, царна т1аьхьа а хьоьжуш, шена хиллачу чевнаша дег1 а 1ийжош, кога акха йала шен кхин Даймохк а боцуш.М.Э.Бексултанов (169 дош).

**1.Т1едиллар:**

1. Текстера т1едерзар схьайазде.

2.1-чу предложенера къастамаш схьайазбе.

3.Текстан т1аьххьара предложени синтаксически талла.

**Шеран талламан диктант №3**

**Бохам**

Пхи шо дара моьтту суна сайн цу гурахь, 1аьнна кечйинчу алах сан вашас ц1е тесча. Тхойшиъ сирниках ловзуш вара, вовшашца уьш, лета айеш, т1екхуьйсуш, сарахь дара иза,маьрк1ажан бода къовлалуш.

Сан ваша, сол ши шо воккхахволу, т1аьххьара а, и ловзар к1орда а дина, ала т1е сирникаш кхийса х1оьттира. Аса мохь хьоькхура, саца бохуш. Ц1е эххар а марсайелира, тхойшингаи д1а а ца йайъалуш.

Тхойшиъ ведда, божалан тхов т1е а ваьлла, д1алечкъира, шипаран бист кхачалучухула хьерайаьллачу ц1аре а хьоьжуш. Йол дукха йара, арц санна, ирх а йахана, раг1у санна, йехха йоьттина. Маьхьарий дара тхойшинна хезаш, тхан да а,девежарий а,лулахой а болуш йукъахь. «Ши к1ант лаха, ши к1ант! -бохуш, мохь беттара тхан дас. –Йол йита, ши к1ант схьалаха, ваьгний хьажа ши к1ант!»

Со вилхира, мохь а баьлла, дена тхойшиъ велла моьттиний а хиъна.

И йогу ц1е а, маьхьарий а, д1асауьду нах а битина, дас тхов т1ера охьаваьккхира тхойша:»велха ма велха,дукхаваха шуьшиъ,шуьшиъ дийна хилчахьана… йол-м ж1аьлеша йаахьара»,- бохуш,тхойшиъ кхеравеллий а хиъна,веларца хьеста а хьоьстуш.

**М.Э. Бексултанов (169 дош)**

**Т1едиллар.**

1. Тектера ша къаьстина къастам схьайазбе.

2. Текстера хуттургаш йоцу чолхе предложени схьалаха, цуьнан грамматически лардаш билгалйаха.

3. 3-чу абзацера ма-дарра къамелан схема х1оттайе.

**Изложени**

**1.Бабин беркате т1орказ.**

Жимачу  хенахь  башха иэс ца хуьлу кегийчеран  гонах долчун терго йан:Даймехкан хазаллин ,къоман сийлаллин,йуьртахойн г1иллакхийн,лулахойн дикаллин,баккхийчу нехан мехаллин.Де кхоьлина цат хилчхьана,дуьненан исбаьхьалле кхийда дог маьрша дитича,цунах тоам беш лела бераллехь.

Цхьана хазачу б1аьстенан дийнахь ненера пурба а даьккхина,Шовда денана йолчу йахара,жимма цуьнца марзо эца. Бабина ч1ог1ат дукхайезара жима Шовда. Ша йолчу йеъна,цунна там бан г1ертара.Нанас шега ц1ахь ,йохайарна кхоьруш,ца йуьлуьйту пхьег1аш йуьлуьй тура.Мухха хьакхахь а,шен чу нуй ,горгам хьокхуьйтура.Т1аккха цо диначу г1уллакхашна,бекхамна санна,сихха нохчийн пешан ц1ергахь сискал йоттий,цуьнца йетшура молуьйтура.

Жимма луьйш-олуш 1ийначул т1аьхьа Шовдина уггар мерза хета къайле гучуйоккхура бабас.Шен даг т1е гилгаш дохуш санна,хетара йо1ана,цо шен куьйган керайукъахь масех шекаран б1елигкховдийча.Ткъа наггахь г1ожан буьххьехь долу ц1азамаш а,б1араш а лора.

Шовдина хазахетара бабин т1орказ.Цхьа хаза тайп-тайпанчу басаршца дехкина т1ехь зезагаш ,Т1етесна тир йаьккхина кечдина к1адин киса..Йо1ана моьттура бабин массо а къайле цу чохь лачкъийна йу. Шен бераллин хьекъалехьаьжжина, и къайле йу моттура цу чохь долчу дуккха а б1елигех, кампетех кхийолчу бес-бесарчу х1уманех.

Иштта цхьана дийнахь йо1а бабица къамеле йаьллачохь хаьттира:

- Баба,гуттар а хьан т1орказ дуьйцуш ма хуьлу Зийдат,цо йоккха меттигд1алоцу бохуш.Иза ара ца доккхуьйтуш,халахета ,моьтту суна,цунна.Ахь ма олий,хьан цу чохь дуьненан меха йолу къайле йу.Зийдатца ца доькъу ахь,соьца санна,цу чуьра хьайн мерза б1елигаш а,кампеташ а?

И хаттар хезча, баба доггах йелайелира.Цул т1аьхьа Шовда куьг лаьцна меллаша т1рказна т1ейигира цо.Цунна тоьхна долу дог1а схьа а даьстина,хьалайехира цу чуьра дуккха а х1уманаш.Амма йоь1ан б1аьрг ца кхийтира ша сатуьйсучух.Цкъа лерина д1ахьарчийна тиша бедарш схьайаьстира бабас.

-Х1ара сан деден Хьаьжин ц1а воьдуш т1ехь хилла духар ду.Кху духаранйозалла йийцина ца йаллал йеза йу.Оцу хенахь Хьаьжин –ц1а г1аш боьлхуранах.Сан дедена дуккха  халонаш т1е1иттайелла некъан бохаллехь.Халонашца цхьаьна тишдала доладелла хилла духар. Амма ша ц1авирзича,шена гучувала веанчу стагана и т1ехь долуш маракхеташ хилла иза,хийла цига кхача сатеснач у стеган ког а,б1аьрг а ца кхаьчначу йезачу меттигашкахь шена т1ехь д1а а,схьа а лелина духар ду бохуш.Цуьнан дозаллина тхан дененас х1ара массарна а гучохь кхозуш латтадора,_дийцира цо.

Т1аккха т1етуьйхира :

-Х1ара,сан ненанана Кулсум маре йоьдуш ,цунна т1ехь хилла г1абали а,цу йукъах дихкина хилла долу доьхка а ду.

Кхин а цхьацца шира,шен дагна хьоме х1уманаш гайтира бабас йо1ана.

-Шовда,х1ара йукх Бабин йенрриг къайле,_дегочу озаца элира йоккхачу стага.

**Ш.Х.Дашаева (404 дош).**

1.Бераллин хан.

2.Шовда денана йолчу йахар.

3.Бабин т1орказ.

4.Шовдин хаттар

5.Бабин къайле.

Изложени

2.Дохкойала, нана

Бер д1а а дижийна,нана д1айахна.Мел шек доцуш 1уьллу иза мерзачу набарх.

Там хир барий- техьа цунна нана йоцчу кхечуьнгара?Х1ан-х1а.Иза цуьнан нана йу:дуьненан марзо,б1аьрган серло,деган йовхо.Иштта беран марзонах йоьллачу нанна а синтем ца хуьлу,бер дуьзна а,доладелла а ца хилча,Мосазза мерзачу набарх йуьйлуш,шен шен г1ийлачу узамца охьадижийна цо иза.
Нагахь и сиркхо хилча,г1айг1анах кийра бузий,ойланна г1елло нана.Дагардолийтехьа нанна бер цкъа а?Х1ан-х1а.Иза дицдина цхьа минот а цайоьду цуьнан. Ша мел сиха, йуькъачу г1овг1анашкахь йалларх, беран аз кхочу ненан лере, мел генахь хьларх.

И шен бер д1а а тесна, лелалур йаритехьа нана? Мичара! Берахь ца йала пхьид йиъна, боху, нанас. Иза нийса ду. Бер-ненан сих са хуттуш, дагца дог нисдеш, б1аьр-нуьрца нур кхоллалуш, цуьнан ц1ийх схадаьлла ма ду. Шен дег1ан са а берал мерза хир дац нанна. Нанна бер хаза г1ан санна деза ду. Идоккха хиларе сатуьйсуш, багара церг ларйеш, ткъа дуьххьара и карийча, мел хаза кхаъ кхочу нене.

-Алахь, сан хазаниг, - бохуш, доьлучу дагца нанас берана 1амабо шен х1а. Нана, беро ша дуьххьара дуьненчу долуш, шена хуучу маттахь шега г1одехнарг йу. Цундела нанна беран марзо йоккха йу дуьненан массо исбаьхьаллел.

Иштта деза бер дижийна нана д1айахананакх. Х1ун ду нанас лелориг?

Майрачунна оьг1азйахарх, х1ун къуьйсу ахьа бераца? Хаалахь: хьан оьг1азаллех берриге бохам берана хьулий. Шен дег1а куьг кхаччалц, декъаза де лелош, ша х1ума хаъал хилча «нана» боху дош дицделла, хьуна т1едан даго ца дуьтуш, лелар ду хьуна иза. Ткъа къа дац цуьнан, дуьненахь нана боху дош ала йиш йоцуш кхиа доьлча?

Диц ма де, бер д1а а дижийна. Хьо д1айаха хьалаг1оттуш, беран ц1аьххьана мохь баьлла, цо хьайх катохар.

-Хьох йаьлла 1елур йуйтехьа –бохуш, ахь йаьхначу обанийн тачах1инца а данза ду беран йуьхьа т1ера.

Дохкойала, нана, хьайн бер самадалале. Мел холчах1уттур ду иза, ша самадаьлча, хьо йуххехь ца гахь.

Къа ца хета хьуна,чохь йуй д1асаахьоьжуж,хьоькхучу маьхьарца массо орцахваьkkхина хьа т1ейалар доьлхушхолчух1утту долчу цунах.

Дохкойалашен г1енах,самаххьо лоьхуш,синтем байна хьийза долчу цу хьайн берах къа къа хьаьрчирий-техьа хьох.

Дохкойала,нана,хьайн дилхан дог дашадай,къинхетам,безам цунна чохь гулбай;хьайн дахарехь ахь дендолчу массо а диканал, и самадалале,хьо цунна гар ду.

Дитахь,х1ай эшац,ца къийсича мега дерш,царах хьуна йа нахана цуьрриг хила пайда бац,нагахь да-нана дезна,уьш ахь лийринехь,хьо йезийта хаалахь ,хьайн жимачу киранна.

Дохкойала сихха берех ма къаста!

**1.У.Юсупова (408 дош).**

**Хьесап:**

1.Бер дижийн ,д1айахна нана.

2.Нанна бер ч1ог1а деза ду.

3.Д1айаккха оьг1азло хьайн дагчуьра,х1ай, къинхетаме нана!

4.Хьайн жимачу бераш дуьхьа дохкойала,нана!

**Тесташ**

**Тест № 1 (1- ра вариант)**

**1.Предложени олу:**

1. рог1ехь д1айаздинчу дешнех;

2. ойланан а,къамелан а уггар цхьалхечу декъах;

3. йозанехьвовшахкхеттачу дешнех.

4. дешнийн цхьаьнакхетарехь.

**2.Дешнашна йуккъе уьйр а тосуш,дешнаш хийцалучу декъах олу:**

1.суффикс; 2.чаккхе; 3.лард; 4.дешхьалхе.

**3.Варийлахь(1) дукха (2) нуй (3) шайн Бабин не1ара т1ехьарниг ма балахь (4) и (5) суна бекъар бу хьуна.**

Х1окху предложенехь ц1оьмалгаш йахкаран нийса вариант къастайе:

1. 1,2,4. 2.2,4,5. 3.1,3,4,5, 4. 1,2,3,4.

**4.Дуккха а адамаш, къаьсттина бераш, ч1ог1а хазахеташ хьуьйсура хьаьхкинчу говрашка.**
Х1окху предложенера билгалдаьхна дешнаш ду:

1.Шакъаьстина цуххедиллар;

2.Даьржина т1едерзар;
3.Йукъадало дешнаш;
4.Латтаман дурс.

**5.Нохчийн маттахь легар къастадо:**

1.Доланиг дожаран чаккхенца;
2. Коьчалниг дожаран чаккхенца;
3. Дийриг дожаран чаккхенца;
4. Хотталург дожаран чаккхенца;

**6.Доцца аьлча экскурси дика чекхйелира.Х1окху предложенера доцца аьлча бохург:**

1.йукъадало дош ду; 2.хуттург йу;
3.даран суьртан латтам; 4.шакъаьстина меже.

**7.Х1ара дешнаш антонимаш дац.**

1.йахь- хьаг1;

2.ирс – докъазалла;

3.буьйр-омра;

4.комаьрша- пис.

**8.Орфографи олу:**

1.меттан дерриге а дешнех;

2.дешнийн нийсайаздар 1амочу бакъонех;
3.йозанехь сацаран хьаьркаш х1итторан бакъонех;
4.меттиган маттах.

**9.Дешан х1оттаман дакъош:**

1.подлежащи,сказуеми,къастам;

2.ц1ердош,билгалдош,куцдош;

3.орам,чаккхе,дешхьалхе,суффикс,лард;

4.айдардош,дешт1аьхье,дакъалг,хуттург.

**10.Терахьдешнаш хуьлу:**

1.цхьалхе,чолхе,х1оттаман;
2.мухаллин,доладерзоран;

3.йаххьийн ,къастамза,гайтаран;
4.берта,бертаза.

**11.Дацаран дакъалг <u>ца</u> деепричастица йаздо:**

1.даима  цхьаьна;

2.даима къаьстина;

3.цхьаьна а,къаьстина а;
4.дефисца.

12. **Дуьххьарлера нохчийн абат ( «Нохчийн джуз ду х1ара»)**

**х1оттийнарг вара:**

1.Досов Къеда; 2.Эльдарханов Таьштамар;

3.Ошаев Халид; 4.Солтаханов Эльбек.

13. **Латтаман дурс ду х1окху предложенехь:**

**1**.Селхана,иссалг1ачу ноябрехь,г1урбанан хьалхара де дара.

2.Карина,ненан цхьаъбен йоцу йо1,ч1ог1а кайина йара.

3.Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4.Цуьнан да.1илманча,дика вевзаш вара Нохчийчохь.

**14.Сахиллалцшен хазачу эшаршца иза новкъайоккху зарзаро.**

Х1окху предложенин грамматически лард йу:

1.иза новкъайоккху;

2.новкъайоккху зарзаро;

3.эшаршца новкъайоккху;

4.новкъайоккху.

**15.Чолхе предложен иолу:**

1.шина йа масех цхьалхечупредложених лаьттачух;

2.йеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

3. кхаа йа масех цхьалхечупредложених лаьттачух;

4.пхеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** | **7** | **8** | **9** | **10** | **11** | **12** | **13** | **14** | **15** | | **«5»** | **«4»** | **«3»** | **«2»** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **2** | **2** | **1** | **1** | **2** | **1** | **3** | **2** | **3** | **1** | **2** | **1** | **4** | **2** | **1** | | **13-15** | **10-12** | **7-9** | **1-6** |

**Тест № 1 (2- ра вариант)**

**1.Предложенино гойту:**

1.адамаша ден къамел;

2.адамийн кхочушхилла йаьлла ойла;

3.вовшашца уьйр йолушцхьаьнакхетта дешнаш;

4.дщешнийн фразеологически цхьаьнакхетарш.

**2.Дешан х1оттаман дакъошду:**

1.подлежащи,сказуеми,къастам;

2.ц1ердош,билгалдош,куцдош;

3.орам,чаккхе,дешхьалхе,суффикс,лард;

4.айдардош,дешт1аьхье,дакъалг,хуттург.

**3. Доцца аьлча экскурси дика чекхйелира.Х1окху предложенера доцца аьлча бохург:**

1.йукъадало дош ду; 2.хуттург йу;
3.даран суьртан латтам; 4.шакъаьстина меже.4.

**4.Подлежащи хуьлу**

1.лааме,лаамаза; 2.грамматически,логически:
3.мухаллин,меттиган; 4.берта,бертаза.

**5.Лексика бохучу декъа йукъа ца йог1у:**

1.лексикологи; 2.семасиологи;
3.лексикографи; 4.орфографи.

**6.Х1ара предложени йукъара- йуьхьан йу:**

1.Б1аьстенан мохо бешара г1аш лестадора.

2.Нехан динара хотталахь вуссу.

3.Селхана рег1ахь дог1а деара.

4.Арахь шелйелла.

**7.1уьйренна кхетттачу малхочехка башийра буткъа ша.**

Х1окху предложенехь грамматически лард йу:

1.башийра ша; 2.кхеттачу малхо;

3.малхо башийра; 4.чехка башийра ша.

**8.Кхушара къаьсттина хьийкъинера муьргаш.**

Х1окху предложенехь **<u>къаьсттина </u>**боху дош:

1.латтам бу; 2.къастам бу; 3.кхачам бу; 4.цхьа меже йац.

**9.Х1ара дешнаш синонимаш ду:**

1.стигал-латта; 2.гоьза-гарс;

3.токхо-йакхо; 4.дахар-1ожалла.

**10.Хьоме дешархой,шаьш дуьненчохь дехаш мел ду,мехкан а,**

**халкъан а сий ларделаш.**

Х1окху предложенехь хьоме дешархой:

1.даьржина т1едерзар ду;

2.латтаман дурс ду;

3.предложенин шакъаьстина меженаш йу;

4. йукъадало дешнаш ду.

**11.Массо а машарна ваха веза бохуш,закон дукх вайн мехкан.**

Х1окху предложенера т1етуху предложений йу:

1.бахьанин;

2.бехкаман;

3.къастаман;

4.кхачаман.

**12. Оцу минотехь йай-й шок туьйхира? Мохьмад луьйчура сецира.**

Х1окху предложенехь:

1.ц1оьмалг йилла йеза;

2.тире йилла йеза;

3.т1адам билла беза;

4.шит1адам билла беза.

**13.Хоийла хьуна (1) мел хала бакъо а (2) нагахь (3) кхоччуш (4) дика хьо цунах кхеташ хуьлий (5) хьайга нийса а (6) кхетош а (7) йиийцалур йуй.**

Х1окху предложенехь ц1оьмалгаш йахкаран нийса вариант къастайе:

1. 2,3,5,6.
2. 1,3,5,6,7.
3. 1,2,3,4,5,6.
4. 1,2,5,6.

**14. Тешам? иза къонахчун коьрта амал йу. Мотт? иза массо х1уманан а бух бу.**

Х1окху предлженешкахь:

1. ц1оьмалг йилла еза;
2. т1адам билла беза;
3. тире йилла йеза;
4. шит1адам билла беза.

**15. Х1инца вайн йолу алфавит т1еэцна:**

1. 1908 шарахь;

2. 1918 шарахь;

3. 1927 шарахь;

4. 1938 шарахь.

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2 | 3 | 1 | 2 | 4 | 2 | 3 | 1 | 2 | 1 | 3 | 2 | 4 | 3 | 4 | | 13-15 | 10-12 | 7-9 | 1-6 |

Тест № 1 (3-г1а вариант)

**1. Предложени олу:**

1. рог1ехь д1айаздинчу дешнех;
2. ойланан а, къамелан а уггар цхьалхечу декъах;
3. йозанехь вовшахкхеттачу дешнех;
4. дешнийн цхьаьнакхетарех.

**2. Дошамаш х1иттор 1амочу лексикологин декъах олу:**

1. Этимологи;
2. Лексикографи;
3. Семасиологи;
4. Диалектологи.

**3. 1аьрбийн маттара т1еэцна дешнаш лела:**

1. 3-чу классехь;
2. 5-чу классехь;
3. 2-чу классехь;
4. 4-чу классехь.

**4. Интонологи ц1е йолу дакъа йукъадог1у:**

1. фонетикана;
2. морфологина;
3. синтаксина;
4. пунктуацина.

5. **Дешнашна йуккъе уьйр а тосуш,дешан хийцалучу декъах олу:**
1. суффикс;
2. чаккхе;
3. лард;
4. дешхьалхье.

6.Дошкхоллар хуьлу:

1. нийса,дукханеха;

2. берта,бертаза;

3. схьадаьлла,схьадалаза;

4.чолхе,цхьалхе.

**7. Шолг1ачу легарна йукъадог1у:**

1.лач дожаршкахь –чу чаккхе йолу билгалдешнаш;

2.лааме мухаллин а, йукъаметтигаллин а билгалдешнаш;

3.доланиг дожарх хилла лаамаза билгалдешнаш.

**8. Чолхе предложенеш хуьлу:**

1. чолхе-цхьаьнакхетта,чолхе-карара,хуттургаш йоцучолхе;

2. т1етуху, коьрта, коьртаза;

3. йуьхьан, йуьззина, ц1еран;

4. дийцаран,хаттаран, айдаран.

**9. Доцца аьлча,экчкурси дика чекхйелира.**

Х1окху предложенера **доцца аьлча бохург:**

1.йукъадолу дош ду;

2.хуттург йу;

3.даран суьртан латтам бу;

4.шакъаьстина меже йу.

**10. Х1ара предложени т1едожаран йу:**

1. Шийла йара тахана арахь.

2. Ма сиха д1аделикх х1ара де!

3. Ц1ахь бан белла болх кхочушбе.

4. Хьо вог1ий соьца?

**11. Х1окху предложенера ц1ерметдош йукъаметтигаллин ду:**

1. Иза мила ву?

2. Цо хьаьнга дийцира цунах лаьцна?

3.Ткъа со мича ваха веза?

4.Суна-м ца хаьа, иза мила ву.

**12.Чолхе предложен иолу:**
1.шина йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;
2.йеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух:
3.кхаайа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;
4пхеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;.
**13.Х1окху хандешнаша хьалха йахана хан гойту.**

1. Вицвелла,хьагийелла ,ладег1на;

2. Дагаихнера,баьхнера,хьагйеллера;

3. Дийци,ладуьйг1и,вицви;4.ладуг1ура,вицлора,хьаглора.

**14.Спряжени олу:**

1. Ц1ердош дожаршца хийцадаларх;

2. Ц1ерметдош йаххьашца хийцадаларх;

3. Хандош терахьашций,хенашций,классашций,

саттамашций хийцадаларх;

4. Билгалдешан даржашца хийцадаларх.

**15.Дуьххьарлера нохчийн аббат( «Нохчийн джуз ду х1ара») х1оттийнарг вара:**

1.Досов Къеда; 2.Эльдарханов Таьштамар;

3.Ошаев Халид; 4.Солтаханов Эльбек.

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2 | 2 | 4 | 1 | 3 | 1 | 2 | 1 | 1 | 3 | 4 | 1 | 2 | 3 | 1 | | 13.15 | 10-12 | 7-9 | 1-6 |

**Тест №1 (4-г1а вариант)**

**1.Предложенино гойту:**

1.адамаш ден къамел;

2.адамийн кхочушхилла йаьлла ойла;

3.вовшашца уьйр йолуш цхьаьнакхетта дешнаш;

4.дешнийн фразеологически цхьаьнакхетарш.

**2.Х1ара предложени чолхе-карара йу:**

1.Ид1абоьду некъ стенга боьдуш бу,дийцахьа суна.

2.Х1инца,суна хаьа,мало йан мегар дац.

**3.**Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4.Малх хьаьжнера,делахьа йовхо к1езиг йара.

**3.Х1ара дешнаш дакъалгаш ду.**

1.ткъа,делахь а,йа,х1етте а;

2.чу,т1ехь,к1ел,уллохь;

3.чул,х1ета,ур-атталла,мел;

4.маржа-1а1,1алелай,жолам-йа1,гап-гип-гап.

**4.Кху предложенера <u>т1ехь боху дош ч1аг1даран дакъалг ду:</u>**

<u>1.Тхан хьехархо а т1ех, дерриге а экскурсе дахара;</u>

<u>2.Поднара т1ехь 1уьллура г1ора эшна к1ант;</u>

<u>3.Цу суьртанш т1ехь цунна вевзира шен да;</u>

<u>4.Бешарчу дитташ т1ехь дека олзазарш.</u>

**5.Х1ара преложени т1едожоран йу:**

1.Шийла йара тахана арахь.

2.Ма сиха д1аделикх х1ара де!

3.Ц1ахь бан белла болх кхочушбе.

4.Хьо вог1ий соьца?

**6.Х1окху предложенера сказуеми хандешан х1оттаман ду:**

1.Г1иллакхий,оьздангаллий йиший,ваший ду

.2.Суна школехь дешат лаьа.

3.Дешар-серло,цадешар- бода.

4.К1антана йеза шен нана.

**7.Нехан шуьнехь къонах а верстар вац,нехан хьаьвди т1ехь дин а берстар бац.**

1.Х1ара предложени йу:

1.чолхе-карара;

2.хуттургаш йоцу чолхе;

3.чолхе-цхьаьнакхетта;

4.цхьалхе,цхьанатайпанчу меженашца.

**8.Латтаман дурс ду х1окху предложенехь:**

**1**.Селхана,иссалг1ачу ноябрехь,г1урбанан хьалхара де дара.

2.Карина,ненан цхьаъбен йоцу йо1,ч1ог1а кайина йара.

3.Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4.Цуьнан да.1илманча,дика вевзаш вара Нохчийчохь.

**9.Дешан х1оттаман дакъошду:**

1.подлежащи,сказуеми,къастам;

2.ц1ердош,билгалдош,куцдош;

3.орам,чаккхе,дешхьалхе,суффикс,лард;

4.айдардош,дешт1аьхье,дакъалг,хуттург.

**10.Кху предложенера къастамаш цхьанатайпана бац:**

1.уьш дара керла,ховха,хаза зезагаш.

2.К1анта деара ц1ен.можа зезагаш.

3.Г1опана гонаха йара лекха аннийн керт.

4.Керт мел йу д1асакхийсина йара аннийн ,эчиган,ангалин гергаш.

**11. Схьагарехь,шеко йоццуш,тешна а, хетарехь бохучу йукъадалочу дешнийн мaь1на ду:**

1. Рог1алла йа уьйр-йукъаметтиг гойтуш;

2.тайп-тайпанчу кепара дог тешна хилар гойтуш;

3.тайп-тайпана хаамаш,синхаамаш гойтуш;

4.хаам хьаьнгара хуьлу гойтуш.

**12.Варийлахь(1) Дука(2) нуй 93) шайн Бабин не1ара т1ехьарниг ма балахь(4) и (5) суна бевзар бу хьуна.**

1.1,2,4.

2.2,4,5.

3.1,2,4,5.

4.1,2,3,4.

**13.Чолхе-карара предложен иолу:**

1.цхьабосса бакъо йолуш цхьаьнакхеттачу цхьалхечу предложених лаьттачух:

2.Кхеторан меженаш шена чохь йолчу предложених;

3.цхьанатайпана йа шакъаьстина меженаш шена чохь йолчу предложених;

4.коьртачу а,т1етухучу а предложенех лаьттачух.

**14.Йа цхьанна совг1атана йелира цо и говр,йа къуша лачкъийна иза.**

Х1ара предложений у:

1. Цхьалхе,цхьанатайпанчу меженашца;

3.хуттургаш йоцу чолхе; 2.чолх-карара;

4.чолхе-цхьаьнакхетта.

**15.Т1аккха Зараана хааделира цуьнан беснеш т1ехула (охь)1ийдало т1адамаш.**

Х1океху предложенера охьа:

1. дешт1аьхье йу,къаьстина а йазйо;

2.дешхьалхе йу,цхьаьна айазйо;

3.дешхьалхе йук къаьстина а йазйо;

4. Йа дешт1аьхье а,йа дешхьалхе айац.

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | | «5» | «4» | «3» | «2» |

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2 | 1 | 3 | 1 | 3 | 2 | 3 | 1 | 3 | 3 | 2 | 1 | 4 | 4 | 2 | | 13-15 | 10-12 | 7-9 | 1-6 |

**Нохчийн литературин**
**мах хадоран г1ирсийн фонд**
**(11 класс)**

| Рог1алла | Предметан таллам бен дакъа | Мах хадоран г1ирсан ц1е |
|---|---|---|
| 1 | Айдамиров А.1. 2Йеха буьйсанаш» роман | «Йеха буьйсанаш» романехь къинхьегаман халкъийн векалийн васташ» **сочинени** |
| 2. | Сулейманов Ахьмадан кхолларалла. | «Сулейманов Ахьмадан лирика» **сочинени.** |
| 3. | Бексултанов АМ.Э. «Корталин хонтоти»дийцар | Бексултанов АМ.Э. «Корталин хонтоти дийцарехь коьртачу турпалхочун васт» **сочинени** |
| 4. | Ненан васт | «Нохчийн йаздархойн говзаршкахь ненан васт»**сочинени** |
| 5. | 1амийнарг т1еч1аг1дар. | Шина вареантехь тест. |

**Тест № 1 (1-ра вариант)**

**1.Вайн шовданаша, йарташа, ирзушка, гунаша, лаьмнаша, 1аннаша, даккъаша, боьраша х1ун боху хьоьжуш,уьш толлуш,Даймехкан паспорт де шву ша , бохуш, топономи йазйинарг ву:**

1.Мамакаев Мохьмад;

2.Сулейманов Ахьмад;

3.Айдамиров Абузар;

4.Ошаев Халид.

**2. Произведенин жанраш къастайе (повесть,поэма,…):**

1. «Маца девза доттаг1алла» ______________________________

2. «Александр Чеченский» ______________________________

3. «Кхетаме Хьамид» ______________________________

4. «Нохчийн лаьмнашкахь» ______________________________

5. «Бож-1ела» ______________________________

3. **Лойша суна шийла шовда,**
**Амма ц1ена шовда ло!**
**Адмийн дегнаш, чуьра мекха**
**Д1айаьккхина, ц1андийр ду.**
Х1окху байтан автор ву:
1.Сулейманов Ахьмад;
2.Нажаев Ахьмад;
3.Айсханов Шамсуддин;
4.Бадуев Саь1ид-Салихь.
**4. «Йеха буьйсанаш» романехь оьрсийн эскарехь эпсар лаьттина турпалхо:**

1.Аьрзу;

2.Маккхал;

3.Хорт1а;
4.Берса.

**5. «Цу вайн раьг1нашкахь цхьа сурт ду х1уттуш, дарц дала кечделлачу хенахь (дукха хьолахь 1а дулучу муьрашкахь): мох а болий, аьрцнаш уг1а дуьйлало, берзалой санна…»**
Х1окху дешнийн автор ву:
1.Хамидов 1абдул-Хьамид;

2.Сулейманов Ахьмад;

3.Гадаев Мохьмад-Салахь;
4.Бадуев Саь1ид-Салихь.

**6. Цхьана шарахь дуьнен т1е а бевлла,цхьана шарахь дуьнен т1ера д1а а бевлла йаздархой билгалбаха:**
1.Арсанов Саь1ид-Бей, Мамакаев Мохьмад;
2.Ахматова Раиса, Гацаев Саь1ид;
3.Ошаев Халид, Исаева Марьям;
4.Арсанукаев Шайхи, Рашидов Шаид.

**7.Х1ара турпалхой шайн-шайн произведенешка нисбе.**

1. Аружа ____________________________________«Зеламха».

2. Арсби ____________________________________«Нохчийн лаьмнашкахь».

3.Селехьат___________________________________«Бож-1ела».

4. З1ока ____________________________________«Маца девза доттаг1алла».

5. Майма ____________________________________«Сийлаха».

**8. «Наггахь, сайн сагатделча», «1аьржа б1аьрг», «Хьалхара Парта» произведенийн автор ву:**

1.Айдамиров Абузар;
2.Бексултанов Муса;
3.Мамакаев Мохьмад;
4.Ахмадов Муса.

**9. «Мохьмад-Салахь санна верг эзар шарахь цхьаъ бен ца вог1у х1окху Лаьтта т1е. Мохьмад-Салахь кеста вог1ур вац. Г1еххьа заманаш оьшу иштта цхьа Мохьиад-Салахь кхолла».** Х1окху дешнийн автор ву:

1.Саидов Билал;
2.Сулаев Мохьмад;
3.Сулейманов Ахьмад;
4.Ахмадов Муса.

**10.** ***Аьрзу, Васал, 1аьлбаг.***

Х1ара турпалхой лахарчу произведени т1ера бу:

1. «Лийрбоцурш»;
2. «Еха буьйсанаш»;
3. «Лаьмнаш ца диццдо»;
4. «Маца девза доттаг1алла».

**11. Нохчийн поэтессин Ахматова Раисин автобиографически поэмин ц1е ю:**

1. «Даймахке сатийсар»; 3. «Ненаца дина къамел»;

2. «Дагалецамаш»; 4. «Дагалецамийн новкъа».

**12. Айдамиров Абузаран *«Йеха буьйсанаш»* романехь нохчийн халкъо муьлхачу б1ешарахь паччхьан 1едалан коллониальни политикина дуьхьал латтийна къийсам гойту?**

1.XIX б1ешарахь; 3.XVIII б1ешарахь;
2.XXI б1ешарахь; 4.XX б1ешарахь.

**13. «Даймахке сатийсар»,»Ц1ен Берд»,»Дарта».**

Х1окху стихотворенийн автор ву:

1.Сулейманов Ахьмад; 2.Гадаев Мохьмад;

3. Айсханов Шамсудди; 4.Бадуев Саь1ид-Салахь.

**14.Йаздархо,поэт,1илманча ваьхна 1909-1972 шерашкахь.Дуьнен т1ехь ваха доьг1на хиллачу 63 шарах 30 шо гергга набахтешкахь текхна цо. Мила ву и:**

1.Ошаев Халид; 2.Арсанов Саь1ид-Бей;

3.Мамакаев Мохьмад; 4.Гадаев Мохьмад-Салахь.

**15.исбаьхьаллин произведени т1ехь адамийн амалш а,дахар а гайтаран кепах олу:**

1.метафора; 2. Дустар;

3.персонаж; 4. Васт.

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2 | | 1 | 4 | 3 | 3 | | 2 | 3 | 2 | 4 | 1 | 2 | 4 | 4 | | 13-15 | 10-12 | 7-9 | 1-6 |

**Дог1а**

**2.** 1.«Маца девза доттаг1алла» - роман.
2.«Александр Чеченский» - повесть.
3.«Кхетаме Хьамид» - дийцар.
4.«Нохчийн лаьмнашкахь» - поэма.
5.«Бож-1ела» - комеди.

**7.** 1.Аружа – «Сийлахa».
2.Арсби – «Маца девза доттаг1алла».
3. Селехьат – «Нохчийн лаьмнашкахь».

4. З1ока – «Зеламха».
5. Майма – «Бож-1ела».

**Тест № 1 (2-г1а вариант)**

**1.Исбаьхьаллин произведенешкахь адамийн амалш а, дахар а гайтаран кеп йу:**
1.автограф; 3.жанр;
2.васт; 4.тема.

**2.Мохьмад-Салахь санна верг эзар шарахь цхьаъ бен ца вог1у х1окху Лаьтта т1е. Мохьмад-Салахь кеста вог1ур вац. Г1еххьа заманаш оьшу иштта цхьа Мохьмад-Салахь кхолла».** Х1окху дешнийн автор ву: 1.Саидов Билал; 3.Сулейманов Ахьмад; 2.Сулаев Мохьмад; 4.Ахмадов Муса.

**3.Нохчийн поэзехь дуьххьара г1улчаш йаха волавелла:**
1.Саидов Билал; 3.Мамакаев 1аьрби;
2.Ошаев Халид; 4.Дудаев 1абди.

**4.Нохчийн дуьххьарлера прозаик ву:**
1.Дудаев 1абди; 3.Сальмурзаев Мохьмад;
2.Ошаев Халид; 4.Нажаев Ахьмад.

**5.Нохчийн литературехь халкъан иэсана ч1ог1а т1е1аткъам бина йолу роман йу:**
1. «Йеха буьйсанаш»; 3. «Товсолта ломара д1авоьду»;

2. «Дарц»; 4. «Зеламха».

**6. *«Ирсан орам»* ц1е йолчу романан коьрта турпалхой бу:**
1. Акаев Руслан, Васса; 2. Сийлаха, Ибрах1им;

3.Зовра, Заби1ат; 4. Зеламха, Бици.

**7. *«Зеламха»* ц1е йолчу романехь дов доладелира:**

1.ахча къеввсина; 2.зезаг къевсина;

3.латта къевсина; 4.дош-даше даларна.

**8. Х1ара турпалхой шайн-шайн произведенешка нисбе.**

1.Васал____________________________________«Лаьмнел лекха».

2.Алымкхан________________________________«1аьржа б1аьрг».
3.Жеми1ат__________________________________«Дерачу кхолламан кхел».

4.Резет___________________________________«Аружа».
5.Г1ойсум________________________________«Йеха буьйсанаш».

**9.Дахарера г1уллакхаш гойтуш,билггалволчу стагах дуьйцуш йолу жима эпически произведени йу:**

1. очерк; 3.поэма;
2. дийцар; 4.новелла.

**10.Произведенин жанраш къастайе (повесть, поэма, …):**
1.«Йеха буьйсанаш» ___________________

2. «Аружа» _____________________

3. «1аьржа б1аьрг» __________________
4. «Батто сагатдо» ___________________

5. «Зингаттийн барз а ма бохабелаш» _________________

**11. *«Даймохк»* ц1е а йолуш, нохчийн дуьххьарлера газет арадаьлла:**

1. 23.02.1923; 3.15.06.1934;
2. 18.03.1925; 4.12.08.1990.

**12.Халъан барта кхолларалла толлуш волчу 1илманчех олу:**

1.фольклорист; 2.1илманча;
3.яздархо; 4.таллалмхо.

**13. Мамакаев Мохьмадан «Ц1ий хуьйдина лаьмнаш» поэма зорбанера арайаьлла:**

1.1936 шарахь;

2.1928 шарахь;

3.1930 шарахь;
4.1924 шарахь.

**14. Нохчийн литературехь дуьххьара поэма йазйинарг ву:**
1.Дудаев 1абди; 2.Мамакаев Мохьмад;

3.Сулаев Мохьмад; 4.Саидов Билал.

**15.Произведени д1айолалуш далийначу, цуьнан коьрта маь1на шайца гучудолучу говзачу дешнех … олу:** 1.долор;
2. кица;
3. эпиграф; 4.эпитет.

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2 | 3 | 4 | 3 | 1 | 1 | 2 | - | 1 | - | 4 | 1 | 2 | 2 | 3 | | 13-15 | 10-12 | 7-9 | 1-6 |

**Дог1а**

**8.1.** Васал – «Йеха буьйсанаш».
2.Резет – «1аьржа б1аьрг».

3.Жеми1ат – «Дерачу кхолламан кхел».
4.Алымкхан – «Аружа».
5.Г1ойсум – «Лаьмнел а лекха».

**10.**1. «Йеха буьйсанаш» - роман.
2. «Аружа» - поэма.

3. «1аьржа б1аьрг» - дийцар.
4. «Батто сагатдо» - стихотворени.
5. «Зингатийн барз а ма бохабелаш» - повесть.